



Avi Tradiksyon Lèt Mizanplas Dwa pou Jwenn yon Odyans

Si ou genyen nenpòt kesyon sou lèt la ou resevwa, ou kapab rele Biwo pou Sèvis Timoun ak Fanmi yo nan Eta New York (Office of Children and Family Services, OCFS) la nan:

Biwo Rejyonal Albany nan (518) 402-3038
Biwo Rejyonal Buffalo nan (716) 847-3828
Biwo Rejyonal Long Island nan (631) 240-2560
Biwo Rejyonal New York City nan (212) 383-1415
Biwo Rejyonal Rochester nan (585) 238-8531
Biwo Rejyonal Syracuse nan (315) 423-1202
Biwo Rejyonal Westchester nan (845) 708-2400

Enfòmasyon pou responsab gadri yo sou kijan pou fè demann yon odyans an repons ak yon lèt mizanplas:

- Si ou te resevwa yon **lèt sispansyon** oswa **restriksyon** ki gen pou wè ak lisans oswa anrejistremant gadri ou epi ou vle fè yon demann pou yon odyans nan objektif pou konteste sispansyon oswa restriksyon an, ou gen **10 jou** apati dat avi alekri sou sispansyon oswa restriksyon an pou ekri OCFS pou fè yon demann odyans. Voye lèt demann odyans ou an, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou an nan Biwo Odyans Espesyal yo (Bureau of Special Hearings) nan adrès ki pi ba an.
- Si ou resevwa yon **lèt revokasyon** oswa yon **lèt refi renovèlman** ki gen pou wè ak lisans oswa anrejistremant gadri ou, oswa yon **lèt ki refize premye demann** ou pou yon lisans oswa anrejistremant oswa yon lèt ki mande pou ou **kanpe epi anile fonksyonman ilegal** yon gadri, ou dwe ekri OCFS pou fè yon demann pou yon odyans nan **30 jou** oplita apre ou resevwa lèt revokasyon, lèt refi renovèlman oswa lèt refi premye demann lan. Voye lèt demann odyans ou an, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou an nan Biwo Odyans Espesyal yo (Bureau of Special Hearings) nan adrès ki pi ba an.

Ms. Beth Mancini
Bureau of Special Hearings
New York State Office of Children and Family Services
52 Washington Street
Rensselaer, NY 12144

- Si ou resevwa yon **lèt ak yon Deklarasyon Akizasyon ansanm ak yon Deklarasyon Règleman [aplikasyon amann yo]** ki gen pou wè ak lisans oswa anrejistremant gadri ou an epi si ou gen nenpòt kesyon konsènan lèt la, ou kapab kontakte biwo rejyonal OCFS ou an nan nimewo ki pi wo yo.